ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАУЗЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№36 (22.444) • 2013 гъэм мазаем (февралым) и 26, гъубж • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр соми 3-щ •

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

● Ди зэпыщІэныгъэхэр

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Матвиенкэ Валентинэ КъБР-м и Іэтащхьэм къохъуэхъу

Къэбэрдей-Балъкъар Республикэм и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен къыщалъхуа махуэмкІэ къехъуэхъуащ Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкІэ и Советым и Унафэщ Матвиенкэ Валентинэ. Абы къыгъэхьа телеграммэм итщ:

«Си гуапэу сынохъуэхъу уэсыщалъхуа махуэмкІэ. Уэ къэкІуэнуэр зи пльапІэ, зэфІэкІ зыбгъэдэль, республикэм и гугъуехьхэр нэгъэсауэ кьызыгурыІуэ, щыналъэм зегъэужьыным, цІыхухэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным, жылагъуэр зэкъуэгъэувэным кьарууэ иІэ псори езыхьэлІэ унафэщІу зыкъэбгъэлъэгъуащ. Шэч къытесхьэркъым уи егупчыныгъэр Къэбэрдей-Балъкъар Республикэм адэкІи зегъэужьынымкІэ, хабзэфІхэр хъуэмэнымкІэ, Урысей къэралыгъуэр гъэбыдэнымкІэ сэбэп зэрыхъунум. Узынщагъэ быдэ уиІэну, уи Іуэхухэр ефІэкІуэну, уи мурад псори къохъулІэну, фІыгъуэу щыІэр къоуэлІэну си гуапэщ. Уэри уи Іыхьлыхэмрэ уи благъэхэмри мамырыгъэрэ насыпрэ фиІэну сынывохъуэхъу».

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі Іэ.

Куржым и лІыкІуэхэр Къэбэрдей-Балъкъарым щыІащ

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Іым и къуэдзэ Къуэдзокъуэ Мухьэмэд, КъБР-м цІыхубз хьыбарегъащІэ Іуэхущ Іапі Іэхэмкі Іэ, жылагъуэ, дин зэгухьанІыгъэхэмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ Къумахуэ Мухьэдин, КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министр Мусуков Адий сымэ Правительствэм и Унэм щаІуащІащ «Мамырыгъэмрэ зэдэлэжьныгъэмрэ теуХуа куржы-урысей зэпсэльэныгъэ» проектым ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъарым къэкІуа куржы эксперт гупым.

ЗЭУЩІЭР къыщызэІуихым **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд** къыхигъэщхьэхукІащ: «Дэ ижь-ижьыж лъандэрэ куржы лъэпкъым пыщІэныгъэ тэмэмэр худиІэщ. Иджырей ди зэхуэсэм фІы кьрикІуэну, ди зэпыщІэныгъэхэм нэхьри зэубгъуну, ди зэрэ экономикэ зэдзэжьынымрэ хуэкІуэну дыщогуть».

«Кавказым щызэдзэкІэныр» Іуэхущ Іапі Іэм и унафэщІ, дунейпсо зэхуэныкъуэ ТыкІэхэмкІэ къэрал институту Москва дэтым Кавказыр джынымкІэ и центрым и щІэныгъэ лъэжьакІуэ нэхьыжь **Силаев Николай** жиІащ Урысейми Куржыми исхэр Кавказым мамырыгъэ щыгъэбыдэным, абы зегъэужьыным я гур зэрыхуэунэтІар, «Кавказ къуршым и лъэныкъуитІымкІэ щыпсэухэр нэсу зэрызэпымышІар къаузырыгурыІуэр».

Евразие институтым и лъэжакІуэ **Апхандзе Шота** жиІащ Кавказ Ищхъэрэм щыщыІэ щытыкІэмрэ абы и псэукІэмрэ щІыхьэ хьыбарегъащІэ Іуэхущ Іапі Іэхэм къызэрагъэлъагъуэм хуэдизу зэрыщымытыр къызэрыгурыІуар. Абы къызэрыг

Ерыскъыпхъэу сом мелард 30-м нэблагъэ и уасэ

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).

Министр **Къаздэхьу Альберт** кьыдэригъэльэгъэщхьэ, ресурбликэм и агропромышленнэ комплексым и къудейуцІ ухэм зэпІэзэрыту зеужь. Ар и фІыгъэщ кьэралыр кьыдэрыдэІэпыкъуи. Ильэс кІуам сом мелард 2,5-рэ яхухихащ.

- Нэгъабэ мэкъумэшхэмкІэ сом мелард 30 нэблагъэ и уасэ кьаІэжьащ. Ар и пэ ита ильэсым елытыгъэ процент 4-кІэ, 2008 гъэм яхуэзэфІэкІам нэхъ хуэдэ 1,5-кІэ нэхьыбгъэщ. А Іуэхум ІэнатІэ цІыкІухэм хэльхьэныгъэфІхуащІаш, - жиІащ къэпсэльам. - 2011 гъэм ди министерствэм мэкъумэшыщІэхэм сом мелардрэ мелуан 700-кІэ зэщІигъэкъуащ. Абыхэм я процент 99-р фермер, уней подсобнэ хозяйствэщ, щхьэзакъуэ хьэрыфэтыщІэщ. Нэгъабэ апхуэдизэ мылькІэ дадэІэпыкъуащ. Пэуб.ІэУ кІыхьэрыдбжамкІэ, ГъаІэрэ джэшхэкІыу тонн мин 817,5-рэ кьраХьэлІжащ. Ар 2011 гъэм елытаеу проценти 10,5-кІэ нэхьыбгъэщ. Гъавапхъэ нартыкъу яхуэбзгъащ. А кьэжьІигъэ берыгъэтым хуэдэу тонн мин 600-м нэблагъэ кьыдачыжащ. КІэртІофу тонн мин 277-рэ кьатІыжащ, хадэхэкІыу тонн мин 390-рэ зэщІакъуэжащ, пхъэщхьэмщІыкъэр мэракІуэ зэмылІэужьыгъуэу тонн мин 92-рэ кьыпачыжащ. А псори и пэ ита ильэсым кьрахъэлІэжам щІегъу.

Министрым кьыІэрыхимкІэ, ерыскъым елэжь предприятэхэм щагъэхьэзыра продукцІэу сом мелард 21,7-рэ и уасэ зэгурагъэныгъэ зыкъуІэхэм хуратъэшащ. Ар и пэ ита ильэсым зэрыхьуам процентэ 6-м нэблагъэкІэ щІегъу. 2015 гъэм ирихьэлІэу ерыскъы промышленностым и зэфІэкІым хуэдитІкІэ хагъэхьуэну я мурадщ.

Льэпкъ проект пэрытхэмрэ 2006 - 2012 гъэхэм мэкъумэш ІэнатІэхэм зэрызыужьынум и Къэрал программэмрэ зэрыщыубзыхуам тету, республикэм и гъавэрэзэкІэм сом мелардрэ мелуан 700-рэ и уасэ мэкъумэш техникэрэ Іэмэпсымэу 1500-м нэблагъэ кьащІхуащ. Иужьрей ильэситхум кьрибыдэу Къэбэрдей-Балькъэрым и агропромышленнэ комплексым и мылькІэ нэхъыщхьэм инвестицІэу сом мелард 20,7-рэ хэузэщІагъэуІуащ.

Къаздэхьу Альберт щхьэхуэу кьыІуеувыІащ мэкъумэшыщІэхэм яГуэту гулыт-тэр зыхуэздэм. Абы кьыІэригъэльэгъуамкІэ, «2013 гъэ пщІондэ кьуажэм социальнэу зэрызыужьынур» федеральнэ программэ хэхам ипкъ иткІэ, унагъуэ 1125-м я псэупІэхэр ирагъэфІэкІуащ. 2008 гъэ льандэрэ жьылагъуэхэм газ, псы кІуанІэу километр 222,5-рэ щаукъэдзащ, фельдшер-акушер пунктитІрэ зы ФджапІэрэ щаухуащ. 2006 - 2012 гъэхэм кьрибыдэу кьуажэхэм зегъэужьыным бюджет мылькуу сом зы мелардым щІигъу халъхьащ.

- Мы гъэм кьыпІэщІтхэр нэхъ мащІэкъым. Псори зыхетщІыкъыжьыр гъэм и сыт хуэдэ зэмамкІи республикэм и щІыхуэхэр ерыскъы кьабзэкІэ кьыдэгъэпэщыныр, - кьыхигъэщащ абы, дызытехьа ильэсым зрагъэхьуІэну зыщІигуГъэжьр щигъэбеджьыпм.

Министерствэм мэкъумэш щІэныпмэ Іэщ гъэхъунымкІэ и департаментым и унафэщІым и кьаІэнэхэр зыгъэзащІэ **Дзэху Валерэ** кьыІэхуэсахэр хигъэгъэзащ гъатхэ губгъуэ лэжьыгъэхэр зэпэщу ирагъэкІыжьым папщІэ зэфІэгъэкІа хьуэхэм. Абы кьаІэригъэльэгъуамкІэ, кьэкІыгъэ пасэхэр гектар мин 215-м тращІэнчэ, бжьыхьэсэу гектар мин 76-рэ ягъэпщІыгъуэ. Ильэс куэдкІэ кьызыпыкІэ жьыг хадэхэм хуэзэу мы гъэм гектар миньм щагъэтІысыну и зэхуэдитІыр ГъатхэкІэ.

КъэкІыгъэ пасэхэмрэ джэшхэкІэмрэ гектар мини 124-рэ, нартыкъу гъаваплъхьэм - мин 93-рэ, сэхураным - мин 25-рэ, кІэртІофым - мин 14, хадэхэкІхэм - мин 19, мэкъумылапхъэхэм гектар мин 40 хуэхьанкІуащ.

- Республикэм и мэкъумэшыщІэхэм гъатхэ губгъуэ лэжьыгъэхэм еужьэрэкІыу зыхуэгъэхьэзыр. Жылапхъэхэр, гъэІэпхъуэнхэр, щыгъэпщэрхэр, гъэсыныпхъэхэр кьрашалІэ, щІым зэреплъэкІ техникэр зыхуэят хуэгъаІэр. Псори зэхэту гъатхасэм мэкъумэш Іэмэпсымэу 1200-м щІигъу кьыщагъэсэбэпынуц. Мы зэманым кьэкІыгъэ пасэхэм я жылапхъэу тонн мини 9-м щІигъу республикэм иІэш. Абы щыщу тонн мини 7,5-р япэ классым и мардэм кьиІасэ нартыкъу жьылэш. ЩІыгъэпшэру тонн мин 55-м нэблагъэ кьагъэсэбэпынуц. Тонн мин 42-р кьэкІыгъэ пасэхэм я жылэхэм дыщІалъхьэнущ, тонн мин 13-мкІэ бжьыхьэсэхэр яГэпшэрэнущ. Мазаем и 20-м ирихьэлІэу республикэм и гъавэгъэкІхэм щІыгъэпшэру тонн мин 30 кьрашэлІащ, псори зэхэту сом мелуан 560-м щІигъу и уасэ кьащэхунущ, - кьиІэльэгъуащ кьэпсэльам. - МэкъумэшэкІхэм я рынокым нэгъабэ уасэхэр езэгъырабгъуу зэрыщізекІуам и фІыгъэкІэ, хозяйствэхэм я финанс щытыкІэр ефІэкІуащ. Гъатхэ губгъуэ лэжьыгъэхэм сом меларди 2-м щІигъу хуэзэнущ. Абы щыщу мелуан 250-р кредитщ. ПІалъэ ящІыкІэ щІыхуэ кьыщэращтэну щІыкІэр иджыпсту яГэбеджькІыу. Гъэсыныпхъэу зыхуеину тонн мини 9-м нэблагъэм щыщу тонн мини 2-м нэс яІащ.

Дзэху Валерэ зэрыжиІамкІэ, мы гъэм щегъэжьауэ субсидие лІэужьыгъуэщІэ кьагъэсэбэпынущ. Агротехникэ лэжьыгъэхэм, щІым и кьуэуатымрэ и фІаныгъэ хэгъэхъуэным тращІэкІуэдам щыщ Іыхьэ абыкІэ зэхуэсынущ. АпхуэдизкІэ ГъаваІэжьІхэм зэрызыщІагъэкъуэну щІыкІэр щІыгъэ сабий абыхэм ящыщу щыр сабий журналищ, телевиденэм и каналу плІы, радиор мэлажьэ.

Иужьрей зэманым хьыбарегъащІэ Іуэхущ ІапІэхэм яГуэта зыужьынырэ, щэнтхэмрэ, газетхэм щхьэхуэу кьыщыпетуеныр, щэнхабзэмрэ литературэмрэ кьэІэтыныр кьаІэн нэхъыщхьэу зэрызыхунГэуныкІыр икІи ар щІэджыкІаКІуэхэми яГу зэрыдыхьэр жиІащ Мэзыхьэм. КьищынэмыщІауэ, гъащІэм и кьуэгъэнапІэ псоми иэ жанкІэ дэпІъэф журналистхэм ящыщ ГУ зэрыпІьатэм, щІэджыкІаКІуэмрэ газетым и лэжьакІуэхэмрэ зы бзэкІэ зэрыщэпсалъэр дыщІигъужащ абы жиІам.

Телевиденэм иужьрей зэманым игъуэт зыужьынырэ гъэхэм щыгепсэлъэхьым, Борис жиІащ, нэхъапэми хуэдэу, псом япэ игъэщІапхъэр лъэпкъыбзэр зыужьынымрэ ар егъэфІэкІуэнымрэ арауэ зэрыщыытыр. Щэнхабзэм зегъэужьыныр, республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я хабзэр хуэмэныр, щІыхуэхэм я гум, я псэм фІы кьыщыуцыным ущэщъхьэпэныр абы и кьаІэн пажэу кьыхихГэщащ. УзыныгуфІыкІыН зэхъуэкІыныгъэхэр ресурбликэм и радиом зэрыщІекІуэкІыр жиІащ.

Мэзыхьэм фІыщІэ яхуищащ ильэс куэд льандэрэ а ІэнатІэ мытынышм пэрыт, хэкуэ efІэкІуэным зи кьаІэмкІэ телажьэ, журналист пэрытхэм: Ширдий Маринэ, ЖьэкІэмыхьэу Маринэ, Хьэжьыкъарэ Алик, Жылаесэ Маритэ, ЩІхьэцэмыщІ Изэ, Тэтрокъуэ Астемыр, Махуэлі Хьадзэкъ, Токъуемыпсым Светланэ, Кьардэн Асльэн, Моттаевэ Светланэ, Мечиев Асхат, Тикаевэ ФатІимэ, Богачевэ Ириндэ, Мэлбахьуэ Ольгэ, Сухомлинов Евгений сымэ, нэгъуэщІхэмэ.

Лэжьакъуэхэм я гуащІэдэкІым хуэфащэ пщІэ егъуэт. Псалъэм папщІэ, блэкІа ильэситху ПІалъэм гъатхэм, телевиденэм, радиом я лэжьакІуэ 18-м КъБР-м щІыхь зиІэ и журналист» щІэ пІалъэІэу абы хэтар щІыху 467-рэ хьумэ, 2013 гъэм щІыху 457-рэ хьужу аращ. Абы и щхьэусыгъуэр ди нэхъыкъхэм ящыщ куэд зэрыгІэщІкІарщ, хабзэм ебэкъуэ зыбжанэ союзым зэрыхагъэкІарщ.

И псалъэхэм я кІэухыу, Мэзыхьэм фІыщІэ яхуищІащ союзым жыджэру кьыдэзыІэ ящІыкІэ.

ЗэІущІэм кьыщыпсэльащ «Прохладненские известия» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Глашковэ Еленэ.** Абы фІыщІэ хуищІащ союзым жыджэру кьыдэзыІэ Балкарской Республике» зыуэ щыт ресурбликэ программэм ипкъ иткІэ, «Журналисты против террора» зэпеуэм щытекІуэ журналистхэр.

Телевиденэм щыІа нэтынхэм я нэхъыфІу кьаІытэрэ, япэ увыпІэр **Суановэ Залинэ** и «Фэеплъ» нэтынным папщІэ иратащ, еТІуанэр **Конаревэ Наталье** «Блэкіа зэманым ИТУ фыкІыыстемыпсэлъыхь» и нэтынным хуагъэфэщащ.

Аналитикэ нэтын нэхъыфІу кьаІытащ ВГТРК-м и кьудамэу КъБР-м щыІэм и унафэщІ **Къэзаниш Людмилэрэ** абы и пэжжакІуэхэмрэ яГэхьэзыпахэр.

«Теплъэгъуэ нэхъыфІ» унэтІынным етІуанэ увыпІэр кьыщихащ **Булат Наталье** «И лэжьыгъэм пэрыту яуплъхьэхэм ящыщІ Журналистэм я союзым и уставри, абы хагъэхьэжащ правленэм и президиумыр.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

КъБР-м и Журналистхэм я союзым и лэжьыгъэр кьыщипщытэж конференцэ зэхэтащ. Союзым и правленэм нужь итльэсиху зэфІигъэкІахэм, кьыкІэтыкІуэ гъэхэм кьапэщыт кьаІэнхэм, республикэм щыхубзм хьыбар зэрырагъащІэ Іэмалхэм я Іуэху зытетым теухуауэ кьэпсэльащ КъБР-м и Журналистхэм я союзым и тхьэмадэ Мэзыхьэ Борис.

- ЖУРНАЛИСТХЭМ я зэгухьэныгъэр ильэс 55-рэ щрикъум Іэтауэ яГэпсэлІащ. Ар куэдкІэ я фІыгъэщ КъБР-м ЩІыхубэ хьыбарегъащІэ Іуэхущ ІапІэхэмкІэ, жылагъуэ, дин зэгуэхьныгъэхэмкІэ и министерствэм, абы хьыхьэ ІэнатІэхэм я унафэщІхэм, КъБР-м ЩэнхабзэмкІэ и фондым, -жиІащ Мэзыхьэ Борис.

АдэкІэ Борис кьытеувыІащ Къэбэрдей-Балькъэрым и Журналистхэм я союзым зэрызиужьам, ар зи фІыщІэхэм я щІэ кьриІуащ. А зэманым союзым кьыпэщыта кьаІэнхэм нобэми захъуэжакъым - ар СМИ-м и лэжьакІуэхэм кьащхьэщыжьыным, я щІэныгъэм хэгъэхъуэныгъэкІэ защІэгъэкъуэныгъщ. КъБР-м и Журналистхэм я союзым ильэс щІыпІ ящІыкІыр 457-рэ хэтщ, абы и процент 64-р хьыбарегъащІэ Іуэхущ ІапІэ зэмылІэужьыгъуэхэм щолажьэ. Апхуэдизу Мэзыхьэм кьыхихГэщащ, иужьрей зэманым дг республикэм и хьыбарегъащІэ Іуэхущ ІапІэхэр нэхъ жыджэру лажьэ зэрыхъуэр. Республикэ гъэту тху, куейхэм кьыщыдэкІыу 12, журналу зы дИЗщІ, абыхэм ящыщу щыр сабий журналищ, телевиденэм и каналу плІы, радиор мэлажьэ.

Иужьрей зэманым хьыбарегъащІэ Іуэхущ ІапІэхэм яГуэта зыужьынырэ, кьащтэжьэ, газетхэм щхьэхуэу кьыщытетуеныр, ТВ-м и ІуэхущІапІэ «Адыгэ псалъэ» газетым лэжьыгъэщхьэ зэрыригъэкІуэкІыр, щэнхабзэмрэ литературэмрэ кьэІэтыныр кьаІэн нэхъыщхьэу зэрызыхунГэуныкІыр икІи ар щІэджыкІаКІуэхэми яГу зэрыдыхьэр жиІащ Мэзыхьэм. КьищынэмыщІауэ, гъащІэм и кьуэгъэнапІэ псоми иэ жанкІэ дэпІъэф журналистхэм куэдым ГУ зэрыпІьатэм, щІэджыкІаКІуэмрэ газетым и лэжьакІуэхэмрэ зы бзэкІэ зэрыщэпсалъэр дыщІигъужащ абы жиІам.

Телевиденэм иужьрей зэманым игъуэт зыужьынырэ, щыгепсэлъэхьым, Борис жиІащ, нэхъапэми хуэдэу, псом япэ игъэщІапхъэр лъэпкъыбзэр зыужьынымрэ ар егъэфІэкІуэнымрэ арауэ зэрыщыытыр. Щэнхабзэм зегъэужьыныр, республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я хабзэр хуэмэныр, щІыхуэхэм я гум, я псэм фІы кьыщыуцыным ущэщъхьэпэныр абы и кьаІэн пажэу кьыхихГэщащ. УзыныгуфІыкІыН зэхъуэкІыныгъэхэр ресурбликэм и радиом зэрыщІекІуэкІыр жиІащ.

Мэзыхьэм фІыщІэ яхуищащ ильэс куэд льандэрэ а ІэнатІэ мытынышм пэрыт, хэкуэ efІэкІуэным зи кьаІэмкІэ телажьэ, журналист пэрытхэм: Ширдий Маринэ, ЖьэкІэмыхьэу Маринэ, Хьэжьыкъарэ Алик, Жылаесэ Маритэ, ЩІхьэцэмыщІ Изэ, Тэтрокъуэ Астемыр, Махуэлі Хьадзэкъ, Токъуемыпсым Светланэ, Кьардэн Асльэн, Моттаевэ Светланэ, Мечиев Асхат, Тикаевэ ФатІимэ, Богачевэ Ириндэ, Мэлбахьуэ Ольгэ, Сухомлинов Евгений сымэ, нэгъуэщІхэмэ.

Лэжьакъуэхэм я гуащІэдэкІым хуэфащэ пщІэ егъуэт. Псалъэм папщІэ, блэкІа ильэситху ПІалъэм гъатхэм, телевиденэм, радиом я лэжьакІуэ 18-м КъБР-м щІыхь зиІэ и журналист» щІэ пІалъэІэу абы хэтар щІыху 467-рэ хьумэ, 2013 гъэм щІыху 457-рэ хьужу аращ. Абы и щхьэусыгъуэр ди нэхъыкъхэм ящыщу куэд зэрыгІэщІкІарщ, хабзэм ебэкъуэ зыбжанэ союзым зэрыхагъэкІарщ.

И псалъэхэм я кІэухыу, Мэзыхьэм фІыщІэ яхуищІащ союзым жыджэру кьыдэзыІэ ящІыкІэ.

ЗэІущІэм кьыщыпсэльащ «Прохладненские известия» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Глашковэ Еленэ.** Абы фІыщІэ хуищІащ союзым жыджэру кьыдэзыІэ Балкарской Республике» зыуэ щыт ресурбликэ программэм ипкъ иткІэ, «Журналисты против террора» зэпеуэм щытекІуэ журналистхэр.

Телевиденэм щыІа нэтынхэм я нэхъыфІу кьаІытэрэ, япэ увыпІэр **Суановэ Залинэ** и «Фэеплъ» нэтынным папщІэ иратащ, еТІуанэр **Конаревэ Наталье** «Блэкіа зэманым ИТУ фыкІыыстемыпсэлъыхь» и нэтынным хуагъэфэщащ.

Аналитикэ нэтын нэхъыфІу кьаІытащ ВГТРК-м и кьудамэу КъБР-м щІыІэм и унафэщІ **Къэзаниш Людмилэрэ** абы и лэжьакІуэхэмрэ яГэхьэзыпахэр.

«Теплъэгъуэ нэхъыфІ» унэтІынным етІуанэ увыпІэр кьыщихащ **Булат Наталье** «И лэжьыгъэм пэрыту яуплъхьэхэм ящыщІ Журналистэм я союзым и уставри, абы хагъэхьэжащ правленэм и президиумыр.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Гъащ Іэм нэ жанкІэ кІэлъыплъхэр

● Зэ Іущ Іэхэр

Къумахуэ Мухьэдин Конаревэ Наталье Щ Іыхь тхьІэлыр нрет.

Налшык и бизнес-инкубаторым кьыщызэІуахащ нысъуэдыкъуэгъ зыбгъэдэлъхэр ІэнатІэкІэ кьызэгъэпэщыным хуэгъэпсэ предприятэ. Абы и къалэм нэхъыщхьэр ахэр жьылагъуэ гъащІэм кьыхэзыщынымрэ я щхьэ яІпІыкъу гъэпсэуныр-рэщ.

ЛЭЖЬГЫЪЭ щхьэхуэхэм кьыщагъэсэбэп Іэлъэхэр щадыну ІэнатІэр КъБР-м кьыпсэу нысъуэдыкъуэхэм я «Къэщ Іэрэщ Іэжьынигъэ» центрым и кьудамэ 5-м ящыщ зыуэ хуэвнуц. Ар кьызэрызэІуахауэ щыгъэ хьэрычэтыщІэ Іуэху мыинкэр ядэІыгъэным хуэунэтІауэ Налшык къалэ администрацэм зэмитэува программэм кьыпэкІуа грантыращ.

КъызэІуаха кьудамэр программэм и мардэм лъэныкъуэ куэдкІэ Іюзагъэ. Псом хуэмыдэу гуапэр ар жылагъуэ гъащІэм нэхъ гугъу ехьу хэзагъэ щхьэхуэдыкъуэхэм ятеухуауэ зэрыщытыращ.

Іуэхущ ІапІэм и унафэщІ Гуппоев Тимур кьызэрыджжІамкІэ, предприятэщІэм щыІэжьэну япэ іуэхуиплІыр кьащтащ. Аэр псори центрым Іуэхугъэ щхьэхуэхэм щыхуарагъэджащ, лэжьыгъэр хъарзынэу зэфІагъэкІыфынущ. КьищынэмыщІауэ, абыхэм я узыншагъэм щыкІэлъыплъ, я творческэ кьэуэным зыщагъэзэжь ІэнатІэкІэ ящІыкІыр.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Тыркум щыщ адыгэ дзэзешэ гуп, Меджлисым (Парламентым) хэт Къудыхьу Сами я гъусэу. *Истамбул, 1916 гъэ*

● Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр

● Налшык

ІэнатІэщІэ къызэІуах

● Узыншагъэ

ЗэхъуэкІыныгъэхэр халъхьэ

КъБР-м и Правительствэм къыдигъэкІа хабзэм тету, Бахьсэн кьалэ сымаджэщымрэ куейм и кьуэдзкэхэм щыІэ медицинэ Іуэхущ ІапІэхэмрэ зэгуагъэхьэжащ. Иджы ахэр псори Бахьсэн район сымаджэщым епхуэу, абы и нэІэм щІэту лажьэнущ. Республикэм узыншагъэр хъумэныр курортхэмкІэ и министрым и унафэкІэ район сымаджэщым и докутыр нэхъыщхьэу яГэуващ нэхъапэм КъБР-м Іэмал зимыІэ медицинэ страхованэмкІэ и щІыналъэ фондым и кьэзыпщытэ-кІэльыплъ кьудамэм и ІэщІагъэмІ нэхъыщхьэу щыта Къэзакъ Заур.

- УЗЫНШАГЪЭР зхъумэн ІэнатІэм зэхъуэкІыныгъэ щхьэхуэхэр щокІуэкІ. Псом япэрауэ, ар хуэгъэзащІ цІыхур щыпсэу е щылажьэ щІыпІэм деж япэ медицинэ-санитар дэІэпыкъуагъэ тэмэм ящІыгъуэныным. Район сымаджэщхэр зыкъыпхьуэ медицинэ ІэмэпсымэхэмкІэ, Іэщ Іагъэмі нэсхэмкІэ кьызэрагъэпэщынуц, апхуэдэ щІыкІэкІи икІэщІыпІэкІэ зыхуэят медицинэ дэІэпыкъуигъэр цІыкІуэм абдеж щагъуэгъу зэтраубгъэнуц. АдэкІэ сыт и лъэныкъуэкІи зыхуэят хуэгъэза щІыналъэ медицинэ центрхэр кьызэІуахынущ, - жиІащ Къэзакъ Заур.

Дохутыр нэхъыщхьэм зэрыжиІамкІэ, апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэр хуэунэтІащ цІыхухэм яГуэт медицинэ Іуэхутхьэбзэхэр фІагъ льагэ иІэу зэфІэхьыным. КьищынэмыщІауэ, амбулаторэхэм, поликлиникэхэм яГэзащІэ кьаІэнхэм кьыхэхуэнущ, абыхэм цІыхухэм зэрыщІэхэр зыужьынырэ зыужьынырэ яГэгъэтынущ.

А мурадхэр зэгъэуІэнэнущ КъБР-м и Правительствэм узыншагъэр хъумэным хуэлажьэ къэрал бюджет Іуэхущ ІапІэр зэгуэгъэхьэжьным теухуа унафэр кьыщІыхьыр. Апхуэдэу Бахьсэн кьалэ сымаджэщыр, Куба, Кьулъкъужьи Ищхъэрэ кьуажэхэм щыІэ участкэ сымаджэщхэр, Кьулъкъужьи Ищщэ, Кьыщэк, Кременчуг-Константиновска, Кьубэ-Тэфэ, Псыхьэрей, Псыкіэхэу зыужьырэ Бахьсэн район сымаджэщым епхуэу лажьэнущ. Абыхэм щыпсэуэхэм медицинэ дэІэпыкъуныгъэхэр щагъуэтынур район сымаджэщыр, Зеикъуэ дэт район сымаджэщым и нэІэ щІэту лажьэнущ ХьэтІохъущыкъуэят участкэ сымаджэщыр, Исльэмей, Жанхъуэтекъуэ кьуажэхэм я амбулаторэхэр. Иджы дяпэкІэ амбулаторэхэр район сымаджэщхэм я кьудамэу щытынущ.

- Іуэхур зэрафызыхуам тету екІуэкІмэ, республикэм узыншагъэр хъумэн ІэнатІэр лъагапІэщІэхэм хуэкІуэнущ, - кьыхигъэщащ Къэзакъ Заур. - Куэдкі ефІэкІуэнущ цІыхухэм яГуэт медицинэ дэІэпыкъуныгъэр. Нэхъыщхьэращи, амбулаторэхэмрэ поликлиникэхэмрэ узыфэр зыхуэдэр и чэзум кьахуэтэфу хьунымкІэ Іэмал псори кьызэрагъэпэщынуц, сымаджэм и узыншагъэр зэфІэгъэувэжьынм, ар егъэфІэкІуэным хуэунэтІа Іуэхугъуэм зэрызрагъэужьыным хущІэкъуэнущ.

АЛОКЪУЭ Аринэ.

● Щэджэм щІыналъэ

Ухуэныгъэм иужь йохьэ

Къэбэрдей-Балькъэрым и Правительствэм и унафэкІэ, 2013 гъэм къыдигъэу ухуэныгъэ зыбжанэ Нартан щызэфІагъэщІынущ. Къапщтэмэ, мы ильэсым кьуажэм щагъэхуэнущ спорт комплекс.

КЪЫХЭГЪЭЩЫПХЪЭЩ ди республикэм щынэхь инхэм ящыщ жылагъуэм дэс спортсменхэм нобэр кІэщІ ящІыкІ зыуэ хуэза зыгъэсапІэ зэрамыІэр. Абы ємылытатуэ, жылагъуэм и щІалэгъуалэр республикэ, щІынналъэ, уеблэмэ, къэралпсо утыкухэм йохьэ. Зэхьэзэхуэ куэдым я сагъэтхэр кьэзыхьахэр дэсщ Нартан. Ахэр нобэ щІэблэм я щапхъэщ икІи лэжьыгъэ купщафэхэр ныбжьыщІэхэм я ядэзыгъэкІыжащ.

Нартан и щІалэгъуалэр дехьэх футболым, теннисым, самбом. Шэч хэлъкъым, спорт комплексыр яухэ нэужь, гугъуехь куэд ІащІыб зэрыхъунри.

КъищынэмыщІауэ, мыбы хьэзыр щащІынущ курыт еджапІэ №1-м я кьыгуащІыхьыжьыну ухуэныгъэмрэ иджыпсту зи ужь иТ Щэнхабзэмкі ухэмрэ.

Гъатхэ дызытехьэм щадзэнущ Налшыкыпсым тралъхьэну лъэмыжым и ухуэныгъэми.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

● Щэджэм щІыналъэ

Ухуэныгъэм иужь йохьэ

Къэбэрдей-Балькъэрым и Правительствэм и унафэкІэ, 2013 гъэм къыдигъэу ухуэныгъэ зыбжанэ Нартан щызэфІагъэщІынущ. Къапщтэмэ, мы ильэсым кьуажэм щагъэхуэнущ спорт комплекс.

КЪЫХЭГЪЭЩЫПХЪЭЩ ди республикэм щынэхь инхэм ящыщ жылагъуэм дэс спортсменхэм нобэр кІэщІ ящІыкІ зыуэ хуэза зыгъэсапІэ зэрамыІэр. Абы ємылытатуэ, жылагъуэм и щІалэгъуалэр республикэ, щІынналъэ, уеблэмэ, къэралпсо утыкухэм йохьэ. Зэхьэзэхуэ куэдым я сагъэтхэр кьэзыхьахэр дэсщ Нартан. Ахэр нобэ щІэблэм я щапхъэщ икІи лэжьыгъэ купщафэхэр ныбжьыщІэхэм я ядэзыгъэкІыжащ.

Нартан и щІалэгъуалэр дехьэх футболым, теннисым, самбом. Шэч хэлъкъым, спорт комплексыр яухэ нэужь, гугъуехь куэд ІащІыб зэрыхъунри.

КъищынэмыщІауэ, мыбы къэзыр щащІынущ курыт еджапІэ №1-м я кьыгуащІыхьыжьыну ухуэныгъэмрэ иджыпсту зи ужь иТ Щэнхабзэмкі ухэмрэ.

Гъатхэ дызытехьэм щадзэнущ Налшыкыпсым тралъхьэну лъэмыжым и ухуэныгъэми.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

Композитор гъуэзэджэ, цIыху гуащIафIэ

Къардэн Хьэсэн Екъуб и къуэм и ныбжьыр илъэс 90 ирокъу

● ДифI догъэлъапIэ

Макъамэр зи псэм щыушэ

Макъамэр фIыуэ зылъагъуу Къбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм куэд щIауэ гуапэу и цIэ кьраIуэ Къардэн Хьэсэн - музыкэ гъуэзэджэхэр зи Iэдакъэ къыщIэкIа конструктор цIэрыIуэм.

АР жанр псоми щолажь, псом хэумыдэу уэрэд тельыджхэр еус, камернэ музыкэ етх. Симфоние гъэкьыгъэшхуэу, гъэщIэгъуэну Хьэсэн куэд дыдэ иIэщ. Ар иджыри цIэрыIуэщ кантатно-ораторие макъамэкIэ. Абы и щапхъэу урикъунущ «Светлая дружба» зыфIища кантатэм и закъуэ.

Къардэн Хьэсэн 1923 гъэм мазаем и 23-м ШэджэмрайонымкIэ ЩэджэмЕзанэм къыщалъхуащ. Абы и адэ Екьуб кьуажэ гъунIэт, и анэ Льостэ пшынэ суэрт. АрщхьэкIэ, бын пIынри, унэм ис нэхъыжьхэм якIэпIыпIынри, колхоз гъэкьыгъэр зи пщэм дэлъ бзыпIкъугъэм абы гулъытэшхуэ зэрыхъумыщIыфым кьыхэкIкIэ, а и зэфIэкIым хигъэхъуэну Iэмал иIакъым.

Идакьыри школым щIэс щIыкIэ Хьэсэн гу хунщIащ макъамэм. Ар зи фIыгъэр адыгэбзэмкIэ егъэджакIуэ Бекъшокъуэ Жумалдин и унафэщIу лъэпкъ макъамэ Iэмэпсымэхэмкъым школым щылъэжьа оркестрыщ. Абы Хьэсэн макъамэ Iэмэпсымэхэм кьаIэ щымыIэу зыщыкъунгъэсащ.

1937 гъэм зи адэр дунейм ехыжа, илъэс 14 фIэкIа зи мыныбжь Хьэсэн Налшык щыIэ школ-интернатым ягъакIуэ. Абы нэхъри макъамэм пэгъунэгъу щыхуэхъуащ щIалэ цIыкIур: художественнэ самодеятельностым, оркестрым хэтщ. Макъамэ кружокым макIуэ, уэрэд цIыкIуэр етх, абыхэм ящIилъхьэ макъамэхэм и ныбжьегъуэгъэ иregъэдIуэри, къехъулIэу къыщыжрагъэкIэ, Iуэхум нэхъри тогушхуэ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, музыкант хъун щхьэкIэ еджэным занщIэу пищэну кьыхунухатэкъым Хьэсэн.

1942 гъэм Къардэн Хьэсэн зэуапIэм Iухьэри, Кавказым щыщIэдзауэ Германием нэс гъэугуанэ кIыхьыр эпичащ. Зауэр нухри, 1946 гъэм абы унэм кьигъэзэжащ. МафIэ лыгъэм щыхэтми IэщIыб имыщIа и мурадыр - макъамэм хуеджэнырэ - пIалъэкIэ зримыгъэтIылъэкIыу хьуакъым. ГущIэгъуншэ зауэм ихьэунщIа жьыпэм Iэпщэрыпажьэу фIэжIа ущыпсэуфынугъэкъым, атIэми гуГуехьым зи кьарур щIилъэсыкIа и анэр куэд дэмыкIыу дунейм ехьажащ. «Къэбэрдей пэжгазетым лэжьэн щыщIидзащ Хьэсэн, арщхьэкIэ и пIалъапIэр гум щэхуу щигъафIэрт. 1947 гъэм ар щIэтIысхьащ Римский-Корсаковым и цIэр зэрихьэу Ленинград дэт консерваторэм кьыщIыз1ыаха къэбэрдей оперэ студием.

Къардэныр щеджащ профессор Исаченкэ Константин и деж, абы и унафэм щIэту макъамэ гъуэзэджэм и щхьэхэр зригъэщIащ. КомпозициэмкIэ егъэджакIуэ Iуэзэджэ, профессор Кушнарев Христофор и дерсэхэри Хьэсэн и дежкIэ уасэ зимыIэт.

Къардэным кьыхиха IэщIагъэм нэхъри трагъэушхуэу и япэ творческэ пIэбакъуэхэр щыдаIыгъащ композитор цIэрыIуэхэу Мурадели Ванэ, Вольфензон Сергейрэ. Консерваторэм щыщIэса илъэсхэм Къардэным и щIэныгъэм хигъэхъуэным хуэщхьэпащ Ленинград дэт опер-рэ театр, музей, симфоние оркестрэм, драмэ театрэм щагъэлъагъуэ лэжьыгъэхэри. Урыс оперэ, театр лэжьакIуэ цIэрыIуэхэм я Iэдакъэщхьэхэр ильагъуну, абыхэм я дерсхэм щIэсыну и насыпыкъыхащ. КъеуэпIа фIыгъуэр и фIэщ хуэмыщIу, ар едгъэрт Чайковскэм, Шостакович, Бетховен, нэгъуэщI композиторэ гъуэзэджэхэми я IэдакъэщхьэкIэм.

КъыхэгъэщIапхъэщ, зауэ нэжьжь зэман хьэпъэм къащэшхуэм кIуа студентэр абы зэрыщымытыншар. Ахэр жэщкIэрэ лэжьэн хуейт, я стипендиер зэрахъуримыкъум къыхэкIыу. Абдежми Хьэсэн и насыпыр щытекIауэу убж хъунущ. Оперэмрэ балетымрэ я Театр цIыкIуэ мимикэ ролхэр щигъэзащIу уваш, зэзэмыцIа спектаклхэм роль мыинхэр кьыщыщыпхыс щыIэу. Ильэспплым и кIуэцIкIэ а театрым и утыкум щекIуэкIа псомкI хэтащ, классикэ макъамэм и щхьэхэр кьыщIэныжкIэ ар сэбэпышхуэ кьыхэзэрыхуэм щэч хэпхыным.

Консерваторэм щIэсу Хьэсэн нтхащ и япэ уэрэдхэр: «Колхоз щIалэщIэм и уэрэд», «Приходи вечерком на свидание» (1950 гъэ). Абыхэм кIэщIу IэкъэгъэтокIуэ -Белая голубка» уэрэдыр, «В родном краю» симфоние тепльэгъуэр.

1954 гъэм еджапIэр кьнухри, Къардэныр Налшык къэкIуэжащ. Абы и гурыщIэ уэрэду щIыхьбэм фIыуэ илъэгъуахэри макъамэ гъуэзджэм хэзыщIыкI псомкI гу зылъата и симфониехэри радиокIэ кьатырт, концертхэм щагъэзащIэрт. Профессионалыгъэ щIэныгъэ хэзыгъэгъуэту къхэзыгъэзэжа щIалэр къыпхуэгъэувыIэжьынт?! Абы и кьалэмыпэм кьыщIокI нобэр кьыздэсым щIыхьбэм яIурылъ уэрэдхэу «Си дунейм», «Жэмыш уэрэд», «Хэку нэху», «Шыхьуэм и вагъуэ», «Си кьалэ», нэгъуэщIхэри. Абыхэм нэмыщI композиторым а лъэхъэнэм етх симфоние произведенэ хьэпэмэтхэр, «Балъкъэр пшынальэхэр», адыгэ пшынальэхэр лъабжьэ зыхунщIа рапсодиехэр, «Испьэмей», «Къафэ», «Удж» симфоние кьафэхэр, поэмэхэр.

Сэлэт гъащIэр, даун, пьужьыныпэ щыхъуакъым Хьэсэн и творчествэм, зауэлIхэм фэепIъ яхунща уэрэд зыбжанги иIэщ («На Марухском перевале», «Усэ нЫкъуэтх», «Уигу игъэпъ, сэлэт», «Хьыбарынпшэу кIуэдахэр»). ЩIхьэхуэу ятепсэлъыхьыпхъэу кьыщIэкIынщ Къардэным и гурыщIэ уэрэдхэр. ЗымыщIэ щыIэ кьыщIэкIынкьым Бахъуэ БетIал и псалъэхэр зыщIэлъ «Ленэ дахэкIей», «Хэт усIэщIиха?». Гъубжокъуэ Iнуан и усэр зи лъабжьэ «Уи цIэр Мадинэ хьэмэ Маринэ?», Кьэжэр Петр и «Сыгъэхъ» уэрэдхэр, нэгъуэщIхэри. Ахэр апхуэдизкIэ гурыхъь ящыхъуати, уэрэду зэрыжаIэр яфIэмащIу кьызыдэфэ пшынальэ ящIат.

Пьэпкъ оперэ зэи димыIуэ зэрыдгъуэтар зи фIыщIэр Къардэн Хьэсэнщ. Абыр Балэ Мухьэдинрэ Щоджэнщ цIыкIу Алий и «Мадинэ» поэмэм оперэ хуатхауэ щытащ. Ар псэм дыхьэу тха зэрыхъуам хуэдэ дыдэу, оперэри гурыхъ ящыхъуат зыпIэгъуэ псомкI.

Пьэпкъ оперэм щызэдгъэмыкъэм зэрыхуэлэжьам кьыдэкIуэу, Хьэсэн жьыдэкъу хэтащ жылагъуэу гъащIэмэ. Илъэс куэдкIэ абы и унафэм щIэтащ КъБР-м и Композиторхэм я союзым и правленэр, абы жэуап зыхь и секретарь щытащ, РСФСР-м и Композиторхэм я союзым и правленэм, СССР-м и Композиторхэм я союзым и ревкомиссэм мыхьэмыIуэ хахащ.

1969 гъэм Къардэн Хьэсэн къыфIащащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым гъуэзджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» щIэлъапIэр, 1974 гъэм ар республикэм иركъуэ саугъэтым и лауреат хъуащ. ЗыбжанэрэкIэ ратащ гъунэгъуащIэ жылагъуэу гъащIэмэ. Илъэс куэдкIэ абы и унафэм щIэтащ КъБР-м и Композиторхэм я союзым и правленэр, абы жэуап зыхь и секретарь щытащ, РСФСР-м и Композиторхэм я союзым и правленэм, СССР-м и Композиторхэм я союзым и ревкомиссэм мыхьэмыIуэ хахащ.

1969 гъэм Къардэн Хьэсэн къыфIащащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым гъуэзджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» щIэлъапIэр, 1974 гъэм ар республикэм иركъуэ саугъэтым и лауреат хъуащ. ЗыбжанэрэкIэ ратащ гъунэгъуащIэ жылагъуэу гъащIэмэ. Илъэс куэдкIэ абы и унафэм щIэтащ КъБР-м и Композиторхэм я союзым и правленэр, абы жэуап зыхь и секретарь щытащ, РСФСР-м и Композиторхэм я союзым и правленэм, СССР-м и Композиторхэм я союзым и ревкомиссэм мыхьэмыIуэ хахащ.

Ди гъэпсыкIэ щIэныгъэ зэрыгъэуцIа, абы и лэжьакIуэ щыIэ Къардэн Хьэсэн и лэжьыгъэ щIэныгъэ ящIэ, Iуэхум и пIалъэ ящIэ, Iуэхум и IэдакъэщхьэкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ щIэлъапIэр, 1974 гъэм ар республикэм иركъуэ саугъэтым и лауреат хъуащ. ЗыбжанэрэкIэ ратащ гъунэгъуащIэ жылагъуэу гъащIэмэ. Илъэс куэдкIэ абы и унафэм щIэтащ КъБР-м и Композиторхэм я союзым и правленэр, абы жэуап зыхь и секретарь щытащ, РСФСР-м и Композиторхэм я союзым и ревкомиссэм мыхьэмыIуэ хахащ.

БЛИЙ Даянэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и гимн

Макъамэр Къардэн Хьэсэн, усэхэр Джэдгъэф Борис яйщ

Ди лъахэ дахэ, ди Хэку дыгъэ,
Псэм пэтщIу Къэбэрдей-Балъкъэр!
Къуитащ уэ Тхьэщхьэм лъапIэныгъэ,
Уобжьыдрэ, Къэбэрдей-Балъкъэр!

Адэжь уэсятхэр догъэпэж.
Зэкъуэтынигъэм еуэращI гъащIэр,
Дахьнущ псэукIэр нэхъ дахэж.

Ежьу.

Уэ уегъэльэщыр мамырыгъэм,
ДоIыгъ къуэшыгъэр Урысейм.
И гъуаэз нуркъэ ар уи лIыгъэм,
КъэкIуэну дахэ уи пщэдейм!

Ежьу.



Уи цIэр Мадинэ хьэмэ Маринэ

Псалъэхэр зейр Гъубжокъуэ Лиуанщ

Зи ныбжьэгъу пэжыр зыфIэкIуэдауэ,
Сэ къуажи кьали кьызощ.
Махуэм симыIэу укьызолыхьэу,
Сыщыпхуэзэнур дапщэщ?

Ежьу.

Уэ укъзэгъуэтмэ, гъэмахуэ роззу
Мы си гум зызэIуихьынщ.
ИгъащIэ псокIэ сыарэзыуэ
Гум и Iункьибзэр уэстынщ.

Хэтхэ узипхъур, хэт узишыпхъур,
Сэ си насып зыхъэль.
Уи цIэр Мадинэ хьэмэ Маринэ?
Зэ закъуэ уэ кьыскукъуэпль.

Ежьу.

Уи гум сэр папщIэ ильу зы хъуаскIэ
Уэ зыкьэзгъащIэ кьудей,
Сыарэзыщ сэ зэхэдгъэнкIэ
Ди хьэгъуэлIыгъуэр пщэдей.

Ежьу.

НэхуIкIэ зэкIужрэ хьэлкIэ гущыкIыу
Тетщ хьыджэбэ Iэджи дунейм,
Ахэм уащыщу укъыщIэкIыну,
Си тIасэ, сэ сыхуэмей.

Ежьу.



Ленэ дахэкIей

Псалъэхэр зейр Бахъуэ БетIалщ

Нарзан къабзэр зи Iуплъэгъуэ,
Нэхущ вагъуэ шыр,
Щэджэмыщхьэ и пщыхьэщхьэу,
УсфIыхохьэ пкым.
ЩIэтщ си нэгум уи нэкIу дыгъэу
Куэдрэ кьыскуепсар.
КьокI, кьокI, кьокI,
Мэгъагъэ роэз жьлэу
Си гум щыхэпсар,
Ленэ дахэкIей,
Дахэ псом я лей,
Ленэ дахэкIей.

Дахэ псом я лей.

Пшагъуэр губгъуэм щыгъуэлъами,
Си нэр сфIыхэпхопль,
Уи сурэтщ щысльагъур дэни,
Пшынэр зи плIэрыхь,
Пщыхьэуэ сиIэр уэ сIыпхащи,
Сэ сиIэжькъым жей,
Уэ, уэ фи кьуажэм уримаэзщ,
Ленэ дахэкIей,
Дахэ псом я лей.

Сыпхуэхъунущ гъатхэ мазэм
Дыгъэ кьуэмыкьэж,
Зи дэкIуэгъуэм зэрихабзэу,
Уи жьэгу пащхьэр хьуэж,
КьызэпшэкIри уи нур уагъэр,
Си пкыр пщIащ мыхьэI,
Уэ, уэ сыхуэшэ насып льагъуэм,
Ленэ дахэкIей,
Дахэ псом я лей.



НапэкIуэцIыр зыгъэхъэзырар ИСТЭПАН Залинэщ.

Апхуэдэхэр зырызщ

Къардэн Хьэсэн ящыщу ди лъэпкъ щэнхабзэм зезыгъэжьахэм. Псом хуэмыдэу, абы и гущIэ ирихьэлIащ симфоние музыкэм цIыхубэр дегъэхьахыным. Пэжщ, абы япи республикэм диIащ композитор цIэрыIуэхэр, Шейблер Трувор хуэдэхэр, ауэ ди лъэпкъым кьыхэкIауэ ипэ итхэр Къардэн Хьэсэн, Балэ Мухьэдин сымэщ.

АДРЕЙ композиторхэм я лэжьыгъэхэм кьаэзрыщхьэщыкI хэлъщ Къардэн Хьэсэн и Iэдакъэщ1экIэм. Абы и лэжьыгъэхэм Iуэрыйуатэм щыщ Iыхьи иджырей зэманым и теплын кьыхощ. Поэмэ, увертюрэ, рапсодие, фантазие жанрхэрэ нэхъыбэу Хьэсэн зызыхуигъазэр. Я цIэ кьиIуапхъэщ композиторым симфоние оркестрым папщIэ итха и Iэдакъэщ1эм нэхъыщхьэхэм: «В родном краю» (1952 гъэ), «Вечер в ауле» (1959 гъэ), «Балкарские напевы» (1960 гъэ), «Танцевальная сюита» (1964 гъэ), «Долина счастья» (1965 гъэ), «Моя республика» (1971 гъэ), «Горские ритмы» (1977 гъэ) зыфIищхэм.

Хьэсэн и зэчийр зыпэпщIын кьэгъуэгъуейщ. Музыкэм и жанр псомкI ар хуэлэжьуэкIуэщ. Ауэ, кьиэзрысщыхьумкIэ, абы и Iэдакъэщ1экIэм щыпашэр лирикэ уэрэдхэр. Псалъэм папщIэ, Кьыщокъуэ Алим и псалъэ щIэльу абы итха «Белая голубка» уэрэдыр зымыщIэ щыIэ? Ар уэрэджьыкIуэхэм яфIэфIу ягъэзащI, уеблэмэ а уэрэдыр зэи жьы хьуну кьыщIэкIынукъым.

Хьэсэн цIыху гъэщIэгъуэнщ, псэльэгъу хьэлэмэтщ. Абы хэлъщ шыIэныгъэри гушыIэри. Си дежкIэ ар цIыху гуГурлыщ, композитор Iээзщ.

КьыхэгъэщIапхъэщ мыри: КъБР-м и Композиторхэм я зэгухэныгъэм хэтхэм яращ я нэхъыжьыр. Ийдж ар пщIэ зыхуащIу, фIыщIэ кьэзылэжьащ. Къардэныр ящыщу «классикэ» цIэр зыхуэфащэхэм. Сыхуейт макъамэ гъуэзджэм зезыгъэужьа композиторым уэзышагъэрэ дэрэжьэгъуэ иIэу псэуну. Хьэсэн хуэдэхэр зырызщ, ар тщIэн хуейщ.

КЪАРДЭН Юлие.

Къэпхъым и дыщэ пхъуантэ

Искандер Фазиль итхахэм мыпхуэдизу хэтщ: «Уи лъэпкъ генийр хэту щытми кьыжьэкIи, узищIысыр бжьеIэнщ», - жеIэри. Ди гуапэ зэрыхьунщи, адыгэ лъэпкъым лIы нэс куэд кьыхэкIащ. Абыхэм ящыщу мы махуэхэм зи ныбжьыр илъэс 90 ирикъуэ Къардэн Хьэсэн.

ХьэЖЭН сыщIалэ цIыкIуу япэ дыдэ сыщыхуэзауэ щытар 1962 гъэращ. Япэ уэрэдыр, «Си гъатхэ» зыфIэсщар, зы композитор гуэрым деж схьати, «мыр хъунукъым, мыбыхэм уэзмыг» кьызжиIащ. Сэри сыбзаджэ цIыкIуу кьыщIэкIынти, абы жиIам тезмыщIыхьу, Хьэсэн егъэдэIуэну мурад сщIащ. Iуэхур зыIутыр жьэгу уэрэдым щIэсльхьа макъамэр щезгъэлъагъуэм: «Алоу-алыхь, мыр цIыхум зэIэпахыу уэрэд хъунущ», - кьызжиIат. Абы жыхуиIам хуэдэуи хъуащ, уэрэдыр нобэми жаIэ, ауэ Хьэсэн абдежым кьызжиIэу сытримыгъэгушхуамэ, сэ композитор сымыхъункIэ хъунут. «Мастэпэри гуауэщ, мастэпэри гуапэщ», - жиIащ адыгэм. Хьэсэн и псалъэ гуапэм сэри моуэ дамэ хьыстриращкIэри, афIэкIа Iуэху сымыщIэу сытхэн щIэздзауэ щытащ. Езы Хьэсэн консерваторэм сыкIуэху сригъэджащ сэ, композитор IуэхукIэ си япэ егъэджакIуэр аращ икIи абы хуабжьу сропагэ.

Хьэсэн дауэ лъэпкъым зэрыгуэувар, жьпIэрэ укьыззупщIмэ, си жэуапыр мыращ: гъэтIыпIыгъэ жьхуэтIэу уэрэдыпIкъ макъамэ нэхъ дахэ дыдэу лъэпкъым иIэхэм ящыщщ Хьэсэн иуса уэрэдхэр. Абы «ПщыхьэщхьэхэкIуэу си деж кьыщIыхьэ» уэрэдым и закъуэ фIэкIа имыуасэми, си фIэщ хъуркъым игъащIэкIэ лъэпкъым и набдзэу кьэмынэну, апхуэдизкIэ макъамэ дахэщ ари. «Анэм и Iэ», «Жанна», «Тхъэрыкъуэ пщэху» - дэтхэнэр кьыхэбгъэщыкIэщIу жьпIэмэ, Къардэныр кьыщIалъхуар уэрэду кьыщIэкIынут, ар нэгъэсауэ уэрэдущ.

Дэ ди насыпт Хьэсэнрэ Балэ Мухьэдинрэ хуэдэ егъэджакIуэущиякIуэ дыззриIамкIэ. Абыхэм гъуэгур тхуэзIуахьи, дэ абы хуиту дэрикIуэрэ жобэм дыкъэсащ. Ар куэд дыдэ и уасэщ, «Нэхъыжь зимыIэм и Iуэхур Iэнкунщ», - жиIащ ПащIэ Бэчмырзэ. Сэ композитор IуэхукIэ гугъу сехьами, езы Хьэсэн, хуэбгъэфащIэ зэрыхъунумкIэ, куэдкIэ нэхъ гугъу ехьащ. Сыту жыпIэмэ Хьэсэн япэ зыри итакъым, дэ абы дригъэджажащ. Уэрэд тхыныр макъамэкIэ зэфIэкIыркъым, абы гармоние, полифоние, фактурэ жыхуиIэхэр и гъусэщ. Ахэр псори уэрэдым и фащэщ, абыхэм ухуеджауэ щумышIэм деж гугъущ. Мис абы и лъэныкъуэкIи куэдым дэIэпыкъуэгъу къытхуэхъуащ Хьэсэн.

Кьардэн Хьэсэн уэрэдус куэдкIыр, симфоние произведенэ телъыджэ куэд иIэщ абы, пьэпкъым и дыщэ пхъуантэм далъхьауэ. Камернэ, инструментальнэ, хоровой кьыхэтIэхэр и куэдщ, балет итхащ, сабий уэрэд дахэхэр иIэщ. Хьэсэн и Iэр здыIэмыса зыри кьигъэнагъым, сыту жыпIэмэ ар профессионалнэ композиторщ. Куэд льюкI, ауэ сэ уэрэдыр хэIэтыкIауэ щIыжьысIэр апхуэдэ уэрэдус тельыджэ зэи дилгъэнукъыми аращ.

Хьэсэн гулъытэшхуэ хэльщ. Композиторхэм я союзым Къэрал филармониеми щылажьэхэм ящыщу зы цIыкIи щыгъупщэнукъым къыщалъхуа махуэмкIэ емыкъыэхъуу. Ар имыщIэми хъунущ, зыми гукъанэ къыхэкиущынукъым, ауэ ар абы и хьэкъыу елытэж, къыбгурыIуэ цIыхум и гъащIэр, и махуэр нэхъ дахэ ищIыным хэтщ.

Хьэсэн сэ сфIэфIу иджыри хэпри? ЕкIуу, кьабзэпльабзэу ихэпауэ, и щхьэщыр дахэу дэжьеярэ дыхэмэ дахэ къыкIэрихьу фIэкIа нобэр кьыздэсым пльагъунукъым. Абы къикIыр зыщ: ар нэгъэсауэ музыкантщ. Езым и щхьэр егъэлъапIэри, мис апхуэдэу кьабзэлъабзэу зыхущытыжщ. Абы куэд дыдэ кьеубыд.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, дэ къытхэкIар нэсу тхуэгъэльапIэркъым, дыхуэмейуэ аракъым, атIэ дунейм апхуэдэу хъуащ. ПъэпкъыбгъэкIуэдынумэ, къэрал бынымэ, япэ дыдэ и щэнхабзэр къутэ, щIалэгъуалэр зэмыджэн егъаджэ, зэмыплъын егъэплъ. Сэ си закъуэкъым мыр зи гукъеуэр, езы Хьэсэни мыбыхэм ящыщ. Ар топсэльыхь, телевиденэм, радиом и нэтыну ар зыхэтхэм абыхэм я гугъу щещI.

Куэдрэ ахэсугупсыс сэ: «Ярэби, Хьэсэн и жьы хъуГуэум арат хуэфащэр?» - жысIэ. Хьэсэн хуэдэ цIыхур кьыщалъхуа махуэм и закъуэкъым щыгъэпльэпIэн хуейр. Къалмыкъым я гурыкIуэщхуэ, гупсысакIуэшхуэ Кугультинов Давид щыналъэ унафэщIым зэнхуригъэщIщ, цIыху кIэлъплъынкъыщIэтар, дунейм ехьажьу абы щIэсащ. Ар хьэкъыу сэ сощIэ. Мис апхуэдэ пщIэ лъысыпхъэщ Къардэн Хьэсэн.

Хьэсэн кьилэжьа псор си псалъэхэм кьысхуимыгъэтIэсагъэнкI мэхъу, ауэ «Адыгэ псалъэр» кьэзгъэсэбэпу сыкуейт ди музыкантхэми, Композиторхэм я союзым хэтхэми кьабгъэдэжьу Хьэсэн иджыри зэ сехьуэхъуну. Узынщагъэ быда дяпэки уиIэну, Хьэсэн!

ХЬЭЙУПЭ Джабрэилий,
КъБР-м и къэрал артист, УФ-м гъуэзджэхэмкIи щыхь зиIэ и лэжьакIуэ.

Къэзан Асльэнджэрий, Къардэн Хьэсэн, Хьэхъупащ1э Хьэжбэчыр, Молэ Владимир, Темыркъан Борис, ХьэIупэ Джэбрэилий сымэ.

Жьыщхьэ махуэ

Сэ сызэригуГэмкIэ, мы псалъэхэр зыхуэфащэр гъащIэ кIыхь къэзыгъащIэркъым, атIэ Къардэн Хьэсэн хуэдэу, къызыхэкIа лъэпкъым и тхыдэм льэужь дахэ къыхэзына, зи дуней тетыкIэлэжьэкIэр щапхъэ хьуахэрщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и макъамэ щэнхабзэр Къардэн Хьэсэн и цIэр хэмэту зи нэгу кьыщIэгъэхъэгъуейщ.

ЯПIэ адыгэ оперэ «Мадинэр» (Балэ Мухьэдин и гъуэсу), япэ адыгэ кантатэхэр зытхар Къардэн Хьэсэнщ. Макъамэм къыхуитыэщIа цIыхум и псэр, и дуней зэхэщIыкIыр итххэм купщIэ яхуохьу. Абы екъэлауэ гупсысэ щIэщыгъуэхэмкIэ гъэнщIащ ар зэлэжьа уэрэдхэр, романсхэр. ГъэщIэгъуэнрэкъэ, сыт хуэдэ псалъэм нэхъри нэхъ IупщIу, куууэ зыхыбощIэ мы композиторым и макъамэхэр. «Анэм и Iэхэр», «Жанна», «Тхъэрыкъуэ пщэху» уэрэдхэр, «Белая голубка» уэрэдыр зымыщIэ щыIэ? Ар уэрэджьыкIуэхэм яфIэфIу ягъэзащI, уеблэмэ а уэрэдыр зэи жьы хьуну кьыщIэкIынукъым.

Хьэсэн цIыху гъэщIэгъуэнщ, псэльэгъу хьэлэмэтщ. Абы хэлъщ шыIэныгъэри гушыIэри. Си дежкIэ ар цIыху гуГурлыщ, композитор Iээзщ.

КьыхэгъэщIапхъэщ мыри: КъБР-м и Композиторхэм я зэгухэныгъэм хэтхэм яращ я нэхъыжьыр. ИкIи ар пщIэ зыхуащIу, фIыщIэ кьэзылэжьащ. Къардэныр ящыщу «классикэ» цIэр зыхуэфащэхэм. Сыхуейт макъамэ гъуэзджэм зезыгъэужьа композиторым уэзышагъэрэ дэрэжьэгъуэ иIэу псэуну. Хьэсэн хуэдэхэр зырызщ, ар тщIэн хуейщ.

КЪАРДЭН Юлие.

Сэ сызэригуГэмкIэ, мы псалъэхэр зыхуэфащэр гъащIэ кIыхь къэзыгъащIэркъым, атIэ Къардэн Хьэсэн хуэдэу, къызыхэкIа лъэпкъым и тхыдэм льэужь дахэ къыхэзына, зи дуней тетыкIэлэжьэкIэр щапхъэ хьуахэрщ.

Къардэн Хьэсэн ящыщу ди лъэпкъ щэнхабзэм зезыгъэжьахэм. Псом хуэмыдэу, абы и гущIэ ирихьэлIащ симфоние музыкэм цIыхубэр дегъэхьахыным. Пэжщ, абы япи республикэм диIащ композитор цIэрыIуэхэр, Шейблер Трувор хуэдэхэр, ауэ ди лъэпкъым кьыхэкIауэ ипэ итхэр Къардэн Хьэсэн, Балэ Мухьэдин сымэщ.

АДРЕЙ композиторхэм я лэжьыгъэхэм кьаэзрыщхьэщыкI хэлъщ Къардэн Хьэсэн и Iэдакъэщ1экIэм. Абы и лэжьыгъэхэм Iуэрыйуатэм щыщ Iыхьи иджырей зэманым и теплын кьыхощ. Поэмэ, увертюрэ, рапсодие, фантазие жанрхэрэ нэхъыбэу Хьэсэн зызыхуигъазэр. Я цIэ кьиIуапхъэщ композиторым симфоние оркестрым папщIэ итха и Iэдакъэщ1эм нэхъыщхьэхэм: «В родном краю» (1952 гъэ), «Вечер в ауле» (1959 гъэ), «Балкарские напевы» (1960 гъэ), «Танцевальная сюита» (1964 гъэ), «Долина счастья» (1965 гъэ), «Моя республика» (1971 гъэ), «Горские ритмы» (1977 гъэ) зыфIищхэм.

Хьэсэн и зэчийр зыпэпщIын кьэгъуэгъуейщ. Музыкэм и жанр псомкI ар хуэлэжьуэкIуэщ. Ауэ, кьиэзрысщыхьумкIэ, абы и Iэдакъэщ1экIэм щыпашэр лирикэ уэрэдхэр. Псалъэм папщIэ, Кьыщокъуэ Алим и псалъэ щIэльу абы итха «Белая голубка» уэрэдыр зымыщIэ щыIэ? Ар уэрэджьыкIуэхэм яфIэфIу ягъэзащI, уеблэмэ а уэрэдыр зэи жьы хьуну кьыщIэкIынукъым.

ЗэрытщIэщи, Хьэсэн и адэ Екъуб гуькIэ Iээзу щытащ. Абы ноби иту кьегъэкIыж адэм и кIыщым зэман куэд щигъакIуэу зэрыщытар. Уадэмрэ гъущIэхэмрэ я зэщIэжьыуэр, мафIэ жьэгум кьыдиж хъуасхIэхэр... Хэт ищIэрэ, ахэр арагъэщIа лъабжьэ хуэхъуар Хьэсэн макъамэм гу хуищIыным. Е и анэ Льостэ деж кьыщежьауэ пIэрэ - абы пшынэр IэкIуэу игъэбзэрабзэу щытащ.

Хьэсэн и Iэдакъэщ1экIэм цIыпIэ щхьэхуэ щаубыдащ Хэку зауэшхуэм теухуа балэхэр. «Гъуэгу зауэ зауэгуанэм утепсэлъыхьыжьыну», - жеIэ езы Къардэным. Кавказым щекIуэкIа зэхуэуэ гуащIэхэми Украинэр, Белорусиер, Польшэр, Чехословакиер хуит кьэщIыжьынми и псэ емыблэжу хэтащ ар. «Мир нужен всем» симфоние поэмэр, «На Марухском перевале» балладэр, «Гимнастеркэ», «Мне снится ночами дорога», «Помни, солдат» уэрэдхэр - псори Къардэным зытриухуар зауэ гъуэгуанэрщ, лъэпкъым и Iыхьужьынитэрщ.

Композитор Iээз кьыхэкIын щхьэкIэ а IэщIагъэм хэпщIыкIын къудейр мащIэщ, сыт щыгъуэ уи кьэухьым хэбгъахьуэу, макъамэм и жанр зэмылIэжьыгъуэхэм я щхьэхэр кьыпхуэзIухьу щытын хуейщ. Абыхэм хуэIэижьщ Хьэсэн. Уеблэмэ абыкIэ сабэп кьыхуэхъуауэ езым кьелытэ Малеготе цIэрыIуэм (иджы Балетымрэ оперэмкIэ Мусоргский М. П. и цIэр зезыхьэ театрщ) зэрыщылэжьар. Абы и спектаклхэм хэтат, дунейпсо оперэмрэ балет макъамэмрэ куууэ хишат. Ленинград къэрал консерваторэр кьыуха иужь, япэ илъэсхэм Хьэсэн нэхъыбэу зэлэжьар уэрэдырщ. А уэрэдхэр цIэрыIуэ species хуэтати, цIыхубэ уэрэдыжьхэм щыхаГъэтэущ ящхьэкъурт - аракъэ щэнхабзэм и льагапIэ хъужьри! Симфоние лэжьыгъэхэм Къардэным зыщиртар 60 гъэхэрщ. ИльэспщIым кьриуфыдзэу абы итха симфоние макъамэхэр льапIэнд эркIэ.

АдыгэлIым нэхъ хуэфащэ хьэлхэр: цIыхур и щхьэ зэрырильытыр, зэрыльэлэлыр, зэрыщабэр Хьэсэн кьобжьI... Ар дахэу, «хамэ Iуэху» жыхуаIэ Iэ гъэдыхьхьэкIэр и гущхьи къэмыкIыу, чэнджэщкIэ хэти сэбэп хуохьу. Хьэсэн удэуэршэру ущыса къудейми, абы уи Iэмхьльэпльыр зыгъэжан гуэр къыпхелъхьэ. Езыр цIыху дахэщ, гъэщIэгъуэнщ.

Къардэным и фIыщIэ хэльщ балъкъэрхэм я щэнхабзэр, гъуэзджэр къэIэта зэрыхъуами. 1960 гъэм композиторым зэхилъхьащ «Балкарские напевы» симфоние фантазиер, «Горские ритмы» оркестрым папщIэ сюитэр, «Тегерек тепсеу» кьафэр. Мы Iуэхум кьеГъэлъагъуэ Хьэсэн жэуапныгъэрэ гущIэгъэрэ зыхэлъ цIыхухэм эращыщыр. Абы и сыт хуэдэ лэжьыгъэри игурэ и псэрэ кьыбгъэдэкIащ.

Хьэсэн фIыгъэ зыхьэ псоми кьабгъэдэкIыу ди нэхъыжьым сехъуэхъунут и узынщагъэр мыкIуэщIу, и гуащIэм езыри дэри дыщыгуфIыкIыу илъэс куэдкIэ ди апэ итыну.

АЩХЪУЭТ Бесльэн,
профессор, ГъуэзджэхэмкIэ Къавказ Инщхьэрэ къэрал институтым и проректор.

●Іуащхьэмахуэ щІыналъэ

ЩІэблэр тхыдэм и хъумакІуэщ

Кавказым щекІуэкІа зауэр зэриухэр илъэс 70 зэрырикъум ехьэлІа дауэдапщэ иджыблагъэ Іуащхьэмахуэ лъапэ щекІуэкІащ. ЩІыху щэ ныкъуэм ябблагъэ хэтащ 3800-рэ зи лъагагъ бгым трагъэува фэеплым деж щащІа пэкІум.

КъБР-м и гъунапкъэхьумэ Іуэхущ1апІэм, Дзэ комиссариатым, республикэм, Іуащхьэмахуэ куейм я лЫкІуэхэм, школакІуэхэм, а щІыпІэм зыгъэпсэхуакІуэ къэкІуаехэм ягу кьагъэкІыжащ Іуащхьэмахуэ лъапэ псэмыблэжу зыхъумахэр. Илъэс 70 и пэкІэа сэлэт лЫхъужьхэм, альпинистхэм Іуащхьэмахуэ и къухьэпІэ лъэныкъуэм фІэпса фашист штандартхэр къыфІахыжкри, Нып Плъыжьыр щаІэтауэ щытащ.

ПэкІур къыщызэІуихым, Эльбрус къуажэ администрацэм и унафэщІ **Курданов Узеир** къыхигъэщащ, «Мемориал-Эльбрус» къэлъыхьуакІуэ гупыр мазаем и 12-13 жэщым Іуащхьэмахуэ зэрыдэкІуеяр. «ПщІэрэ щІыхьэ яхуэфащэщ мы къэлъыхьуакІуэ гупым хэтхэм. Абыхэм я фІыщІэщ Іуащхьэмахуэ зыхъума сэлэтхэр нобэми къызэралъыхьуэр», - жиІащ Курдановым. Фигу къэдгъэкІыжынщ, нэгъабэ ТекІуэныгъэм и махуэщхуэм ирихьэлІэу «Мемориал-Эльбрус» къэлъыхьуакІуэ гупым сэлэт щыкІуГІым я хьэдэ къупщхьэхэр кьагъэтэжыри, Терскол дэт кхъэм щыщІалъхьжауэ щытащ.

Іуащхьэмахуэ куейм и администрацэм и унафэщІ **Малкаров Аслъэн** къыхигъэщащ а щІыпІэм щекІуэкІа зауэм иІа мыхьэнэр.

- Ди сэлэтхэм зэрахьа лЫгъэм и фІыгъэкІэ, Кавказ къурш щхьэдэхыпІэр зыуБыдыну зи мурада бийр Іуащхьэмахуэ кьыфІагъэкІахьым, уеблэмэ нэмыщІдзэм хэщІыныгъэшхуэхэр яІэу ирагъэкІуэтащ.

«Зэныбжьэгъугъэ», «мамырыгъэ», «зэгурыІуныгъэ» псальэхэр мызэ-мытІэу къыхигъэщащ Башкортостан дэт музейм и унафэщІ **Утяев Ильшат**. «Зауэм и Іэщ1ыІэр ди республикэми къыльэІэсащ. Ди хэкум, дыкъыщалъхуа щІыналъэм худиІэ лъагагъуныгъэ гъунапкъэщхэм и фІыгъэщ дэ текІуэныгъэр къызэрыгъхьар». Ар жиІэри, музейм кьыбгъэдэкІ фэеплъ тыгъэхэр зэІущІэм и къызэгъэпэщакІуэхэм, Терскол дэт курыт еджапІэм, яритащ.

КъБР-м цэнхабзэмкІэ и министрым и къуэдзэ **Хъэанэ Ильям** жиІащ мы зэІущІэр зи жэрдэмыр Терскол дэс школакІуэхэр зэрыарар пэкІум хэтахэм гъэщІэкІакъым, уеблэмэ зэращыхъуар. ИкІи къыхигъэщащ тхыдэр зыхъумэнур къыдэкІуэтей щІэблэр зэрыарар.

Махуэщхуэр яГъэлъэпІащ зи тхъэкІумэм зэхимыхъэм бгы-лыжэ спортымрэ сноубордымкІэ я федерацэм и лЫкІуэхэми. Кавказым щекІуэкІа зауэр зэриухэр илъэс 70 щрикъум ирихьэлІэу ахэр Іуащхьэмахуэ къэкІуащ, лыжэкІэ бгым къэжъхьи папщІэ. Метр 3500-рэ зи лъагагъ бгым тет музейм и унафэщІ **Павленкэ Михаил** кІэщІу тепсэлъыхьащ Іуащхьэмахуэ лъапэ щекІуэкІа зауэр зыхуэдам, лЫгъэ зезыхьахэм кьагъэсэбэпа хьэпшыпхэр, Іэщэ-фащэхэр яриГъэлъэгъуащ.

Азау губгъуэм щыхэкІуэдахэм я щІэкІэ школакІуэ щІыкІухэм шар гъэпщахэр уафэгум ираутІыпщхьащ, апхуэдэуи ДОСААФ-м къызэригъэпэщри, Азау-Налшык гъэгъум машинэкІэ ирикІуащ.

КІэлъыкІуэу пэкІу щекІуэкІащ Хэку зауэшхуэм хэкІуэдахэм я фэеплъу Терскол дэтым деж. Хэку зауэшхуэм и ветеран, Сталинград щекІуэкІа зауэ гуащІэхэм хэта **Бичекуев Хьэжмурат** жиІащ Іуащхьэмахуэ и къухьэпІэ лъэныкъэмкІэ фІэлъа фашист ныпыр къыфІэзыхьжа щІалитхур ицІыхуу зэрыщытар. «Ар икъукІэ зэман хьэлъэт. Іуащхьэмахуэ лъапэ деж ди сэлэтхэр щэбжыгъэкІэ щыхэкІуэдащ. Ауэ къелаехэм яхуэзэпІэкІащ Кавказыр нэмыщІ-зэрыпхьуакІуэхэм щахъумэнэ, - жиІащ Хьэжмурат.

Терскол курыт еджапІэм щІэс щІыкІухэр хахуагъэм, Лыхъужьныгъэм теухуа уэсэхэм кьеджащ, я нэхьыжьхэм пщІэ зэрыхуащІым, зэрахьа ЛЫгъэр зэращымыгъупщам и щыхьэту фэеплъым удз гъэгъаХэр тральхьащ. «Терской» гъунапкъэхьумэ Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэхэм школ пщІантІэм кьащцызэрагъэпэща пщэфІапІэм сэлэтхэм я ерыскъыхэкІхэр щапщэфІри, кьызэхуэсахэр ягъэшхащ.

ЗэІущІэм и кІэуэхым Урысей Федерацэм ЗыхъумэжьныгъэмкІэ и министерствэм и зыгъэпсэхупІэ уцэм концерт щекІуэкІащ. Абы и пэ кьихуэу утыкум къыщыпсэлъащ Хэку зауэшхуэм и ветеран **Хаджиев Къазий**. Абы къиІуэтэжащ советыдзэр Іэмал имыІэу зыхуеину хьэпшыпхэмрэ ерыскъыхэкІхэмрэ къуэ кууэхэм ахуэзэпришурэ сэлэтхэм ядэІэпыкъуу зэрыщытар.

ТАРИМ Алиэ.

Іэрыкі телъыджэхэр

●Зэхьэзэхуэхэр

Курыт еджапІэхэм технологие дерсымкІ эя республикэ олимпиадэ екІуэкІащ. КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм къызэригъэпэща Іуэху дахэр Налшык дэт школ-интернат №3-м щызэхэтащ.



КЪУАЖЭХЭМ, районхэм нэхъыфІэр къыщыхахри, олимпиадэм и нужьрей Іыхьэу зэхьыхьэр кьыззрагъэпэщауэ арати, утыку кьрахьар фІым я фІыжхэрт. Класс нэхъыжьхэм щеджэ щІалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ я лэжьыгъэхэр, Іэрыкі телъыджэхэр пльэгъуа иужь, щІалэгъуалэм яхуэзышІыдэу, ахэр зыри хуэмейуэ жаІэу кьекІуэкІ псалъэмакъхэр пльэмыкІыу лЫэныкъуэ ибогъэз. Дэтэнэмри тхыгъэ щхьэхуэ тебухуэным хуэдизщ абыхэм я дахагъэмрэ зэрыгъэщІэгъэнымрэ. Хэбдзын хэлъхьым щІалэхэми бзылъхугъэ щІыкІуэхэми яща теплъэхэм: сурэтхэм, хэдзыкІэм, хьэпІащІэщыгъэкІэ бла теплъэгъуэхэм, пхъэм тещІыхьа сурэтхэм, Іэнэ лъакъуищымрэ абы щыгъу щэнт щхьэгуэхэмрэ, лъэпкъ фащэхэм, тхыпхьэщІапхъэ дахэу зэІуща стІол тепхъуэм, сабыным кьыхэщІыкІа удз гъэгъахэм, зи щхьэр кьытепх хьууэ щІа кьэѳ-фалъэм, кьыззрыгъэкІ тхылъыкІпІэ напэ зэкІуэцІылъхьаехэмкІэ щІа кьыу дахэм, нэгъуэщІ куэдми.

ЩІалэхэм я лэжьыгъэхэр кьапщытащ КъБКъУ-м и педагогикэ факультетым хьэрычэтыщІэ Іуэхуэр зэрауБэыху Іэмалхэмкіэ и кафедрэм и унафэщІ, доцент, техникэ щІэныгъэхэм я кандидат **Хъэтыхъу Владимирр**э а факультет дьдэм и доцент, физико-математикэ щІэныгъэхэм я кандидат **Насып Артуррэ**. Хьыджэбзхэм я Іэдакъэщ1экІхэр зэпкърахащ КъБКъУ-м гъуэзджэхэмрэ хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ и факультетым декоративно-прикладной гъуэзджэмкІэ и кафедрэм и доцентхэу **Сультан Аминэрэ** (факультетым и унафэщІым и къуэдзэщ) **Махуэ Равидрэр**.

Лэжьыгъэхэр кьалытащ зэраща Іэмалым и тыншагъгуГъуагъэм, ар кьаззрехьулІам, щІэщыгъуэу хэпльхьэфыну кьагъэнахэм е щІэщыгъуэу кьагъэсэбэпам, нэгъуэщІхэми ятещІыхьауэ. Тыншауэ пхужьІэныкъым абыхэм я кьалэныр (газетеджэхэм лэжьыгъэхэр наІуэу ямылъэгъуами, мы тхыгъэм щІыгъу сурэтхэм Іуэхур тращІыхьмэ, апхуэдэу щІыжьсІэр гурыІэгъуэу ящІыхьунщ). 9-нэ классым, 10 -11-нэ классхэм щыщу зи лэжьакъэ нэхъыфІу кьалытахэр ягъэнэІуащ. Ауэ нэхъыщІэхэр текІуэныгъэркъым, зи насып къэкІуэгъуэ ныбжьыщІэхэм кьалъыкІуэжкІ Іэпэ1эсагъэмрэ зэфІэкІымрэщ, щыІэ яхэлъу, зыхуейр кьагурыІуэрэ зыхуагъэувыкъ мурадхэм ерыщу хуэкІуэу кьыІэрытэджырщ.

Тхылъэри сурэтхэри зейр **ИСТЭПАН Залинэщ.**

Олимпиадэм хэтахэмрэ абыхэм я лэжьыгъэхэмрэ.

● КъБР-м и прокуратурэм

ЩІыхуэхэр зыпрагъэкІыж

ШЭРЭДЖ муниципальнэ районым щІэныгъэ щрагъэгъуэт и Іуэхущ1апІэхэм лэжьыгъэмкІэ законодательствэр зэрагъэзащІэр куейм и прокуратурэм кьипщытащ.

Кьыззрахутамкіэ, 2012 гъэм и дыгъэгъаз мазэм ятын хуея улахуэ сом мелуан 12-рэ мин 58-рэ 332-рэ а Іэнатіэхэм щІыхуэзу ятелъу кьыщІэкІащ.

Кьэпщытэныгъэм кьрикІуам ипкъ иткІэ, улахуэмкІэ щІыхуэхэр зэрыщІыту зытрагъэкІыжащ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● КъБР-м щыІэ МВД-м къет

Пенсэр яхуихьыртэкъым

Урысей Федерацэм и МВД-м Дзэлыкъуэ куеймкІэ и къудамэм и лэжьакІуэхэм яубыдащ «Центр почтовой доставки» ООО-м и лэжьакІуэр, пенсэу ятын хуея сом мин 220-р зыкІэщІэзыупщІар.

ІУЭХУР щыэзхагъэкІым зэраубзыхуамкІэ, нэхъапэм суд зытрамыщІыхьа, 1963 гъэм кьалъхуа сэрмакьдэс щыхубзыр «Центр почтовой доставки» ООО-м зэгурыІуэныгъэм ипкъ иткІэ дэлажьэу, 2012 гъэм и дыгъэгъаз дзыхь кьыхуащІа сом мин 220-р кьидыгъуауэ щэч хуащІ.

Ар пенсионер 24-м яІэрыгъэхьэн хуей ахьшэт. Пенсэ ведомостхэм нэпцІу Іэ щІидзурэ, ахэр зэраритамкІэ отчет зэхигъэувэжауэ кьалытэ.

Щэч зыхуащІыр жэуапым зэрыращэлІэным яужь итщ.

Дэфтэр нэпцІхэр

Анэм хухах мылькур хабзэншагъэкІэ зыІэрагъэхьуэ Аруан куейм кьыщыщІагъэщащ.

КъБР-м щыІэ МВД-м экономикэ щынагъуэнщагъэмрэ коррупцэм ебэныныкъмкІэ и управленэм и лэжьакІуэхэм кьэлыхьуэныгъэхэр щрагъэкІуэкІым яубзыхуащ 1974, 1979 гъэхэм кьалъхуа нарткьалэдэс цыхубзитІым ямыІэсабийхэм ятеухуа дэфтэрхэр Урысей Пенсэ фондым Аруан куеймкІэ и къудамэм ирату, иужькІэ анэм хухах мылькуу сом 365698-рэ дэтхэнэми кьыззрэрыхьар.

Ар кьыззрихьуа щІыкІэр жэуапри, а Іуэхум кьулыкъущІэхэр пыщІамэ, зэхагъэкІ.

Зыгъэхьэзырар **УЭРДОКЪУЭ Женащ.**

Ди щІалэхэр дунейпсо чемпионатым хуэхьзэрщ

● Спорт

УФ-м и МВД-м къэралкІэуэщІ Іуэхуэхэмкіэ и управленэ нэхъыщІхьэу Краснодар крайм щыІэмрэ КъБР-м щыІэ МВД-мрэ я командэ кьыхэхахэм иджы япэу зэщІыгъуу Іэпщэрыбанэ зэзауэмкІэ еджэныгъэ-зыгъэсныгъэхэр щрагъэкІуэкІащ Іуащхьэмахуэ лъапэ - «Больфрам», «Динамо» пансионатхэм.

АР СЭБЭП хьуащ спортсменхэм кьапэпІэ зэхьэзэхуэщхуэхэм нэхъ тегушхуэныкмкІэ. Апхуэдэу, ахэр хэтыныщ гъатхэпэм и 14 - 17-эм Урысей Кубокыр къэхьныным теухуауэ Москва щекІуэкІыну, Іэпщэрыбанэ зэзауэмкІэ гъатхэпэм и 20 - 22-эм Дон Іус Ростов щызэхэтыну зэпеуэм, «Урысейм и ЛЫхьужь адмирал Угрюмов Герман и Кубок» турниром, Іэпщэрыбанэ зэзауэмкІэ гъатхэпэм и 24 - 27-эм Урысейм и МВДм и чемпионату Екатеринбург щыІэнэм.

Зыгъэсэныгъэхэм хьарзынэу зыкІыщІыщІзыгъэпэтэгъуа Бесльэней Нурмухьэмэдрэ Мырзэкъан Азэмэтрэ Урысейм и команда кьыхэхам хэту кІуэнущ Іэпщэрыбанэ зэзауэмкІэ мэпьжьыхьым и 20 - 22-эм Москва щекІуэкІыну дунейпсо чемпионатым.

ГЪЭУПЭ Светланэ,
КъБР-м Спортымрэ туризмэмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэ.

●Гу зылъытапхъэ

Лэжьапіэ ягъэувынухэр къыхах

Федеральнэ къэрал бюджет щІэныгъэ Іуэхущ1апІэм - Урысейм ЩІэныгъэхэмкІэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ центрым прикладной математикэмрэ автоматизацэмкІэ и щІэныгъэкъэхутакІуэ институтым эпеуэ ирегъэкІуэкІ мы кьыкІэлъыкІуэ ІэнатІэхэм игъуэвынуэр кьыхихьи папщІэ:

- математикэ биологием и Уравненэхэмкіэ къудамэм и щІэныгъэ лэжьакІуэ - 1 ІэнатІэ;
- Уравненэ зэхэдзэхэмкІэ къудамэм и щІэныгъэ лэжьакІуэ нэхъыщІэ - 1 ІэнатІэ;
- Бжьыгъэ къутахуэхэмкІэ къудамэм и стажер-кьэхутакІуэ - 1 Іэнатіэ;
- Системэ зэхэдзэхэмкІэ къудамэм и стажер-кьэхутакІуэ - 1 ІэнатІэ.

Конкурсым щытекІуахэм зэгурыІуэныгъэ иращІылІэри, лэжьапІэ ягъэув.

Ди хэщІапІэр: *360000, КъБР, Налшык къалэ, Шортэным и уэрам, 89 а.*
Телефонхэр: *42-64-17, 42-66-61.*

ДощІэж, дропагэ

Налшык къалэ администрацэр, Къалэн куэд зыгъэзащІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІалэгъуалэгъуалэ центрыр, «Урысей зэкъуэтым и щІэблэ» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и щІыналъэ къудамэр зэщІыгъуу «ДощІэж, Дропагэ» псапащІэ Іуэхур мазаем и 21-м ирагъэкІуэкІащ.

АПХУЭДЭ Іуэхугъуэхэр республикэм и куей зэмылІэужьыгъуэхэм къыщызэрагъэпэщащ, абы хэтащ щІыху 50-м щІигъу. КъищынэмыщІауэ, зэхьыхьэхэм я гуапэу зыкърагъэхьэлІащ къалэм и щІалэгъуалэ советым хэтхэм, республикэм и жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм щыщхэм. Іуп-гупу зызыгуэша щІалэгъуалэм ягъэкъэбзащ къалэм дэт фэеплъхэр, «Затишье» хьэблэм щыІэ кхъэм ит сынхэр.

Мы Іуэху щхьэпэм хэтахэр Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм я деж кІуэурэ щахуэз лъапІэмкІэ ехъуэхъуащ, «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэмрэ Ветеранхэм я совету Налшык щыІэмрэ зэхуахьэса саугъэтхэмкІэ нэхъыжьхэр ягъэгуфІащ.

КъаІэта Іуэхур уха6жьу сэбэпщ зи щІалэгъэгъэ хэкупсау, лъахэм лъагъуныгъэ хуаІэу, нэхъыжьым пщІэ хуащІу кьагъэтэджьнымкІэ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, кхъахэ хъуауэ зыкІэлъымыпльхэ сын куэд диІэщи, ахэр гулъытэнщэу кьэдгъанэ хъунухъым.

ДЖЭДГЪЭФ Маринэ.

Редактор нэхъыщІхьэм и къуэдзэ ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэ

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Хъэфыщ1э Мухьэмэд (редактор нэхъыщІхьэ), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщІхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщІхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, Нэщ1эныдж Замир, Хъэжыкьарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Иэ.**

КъыдэзыгъэкІхэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ къыдагъэкІ.

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, еГъуанэ, епщІанэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; къуажэ ІэщІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щІэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлажьэныкІэ - 42-60-53; хьыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемрэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1апІэм - 42-26-41; сурэттехэм - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я кІэлъыкІэ ахэр зытхахэм ящу зэхуаІ яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтеуэ зэныту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьныбэ и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пошт эмыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэныжьмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и щІэкІэ щыІэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дышэкі Соня, редактору Жьэкіэмыхъу Маринэ, корректорхэу Щоджэн Инир *(1, 4-нэ нап.)*, ПхытІыкІ Азэмэт *(2, 3-нэ нап.)*, корректорхэм я дэІэныкъэжьу Мырзэкъан ФатІимэ. *Компьютеркіэ газетым и теплъэр ящІащ* Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жанэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэ» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 5.155 ● Заказ №518